



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN SEZON IVÈ NAN PLAZA NAN ALBANY AK HARLEM**

***Ouvèti Patinwa nan Empire State Plaza 2 desanm Avèk premye Samdi Lokasyon Paten Gratis Hannaford pou Sezon an nan 3 desanm***

***Festival Ekleraj Pyebwa Nwèl ak Fe Atifis nan Sezon Fèt Eta New York la nan Empire State Plaza ke Highmark Blue Shield of Northeastern New York Prezante nan 4 desanm***

***Selebrasyon Ekleraj Pyebwa Fèt nan Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building Plaza nan Harlem nan 8 desanm***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te anonse ouvèti ofisyèl sezon Ivè nan Plaza (Winter at the Plaza) nan Empire State Plaza nan Albany vandredi 2 desanm, ak ekleraj pyebwa anyèl nan Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building nan Harlem nan jedi, 8 desanm.

"Mwen kontan anonse kòmansman anpil fèstivite ivènal New York gen pou ofri, epi mwen pa ka panse fason ki pi bon pou selebre sezon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout Nouyòkè pou yo pwofite evènman sa yo, epi mwen remèsye ekip yo nan Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la ak Devlopman Empire State, ak esponnò nou yo pou sipò yo nan tradisyon anyèl sa yo nan Albany ak Harlem."

**Kalandriye Evènman yo nan Albany ak Harlem**

- ***Jou Ouvèti Patinwa Glas Plaza "Paten" Empire a:*** Vandredi 2 desanm, midi a 8 p.m. Patinwa Plaza a pral yon lòt fwa jwe yon gwo wòl nan yon seri evènman ak aktivite gratis ki planifye pou sezon an, ki pral lanse avèk jounen ouvèti nan patinwa glas Plaza a nan vandredi 2 desanm, si tan pèmèt li avèk mizik DJ Ketchup ap founi apati 6 pm rive 8 pm.
- ***Premye Samdi Lokasyon Paten Gratis Hannaford pou Sezon an:*** Samdi 3 desanm. Patinwa glas Empire State Plaza a pral gen ladan lokasyon paten gratis chak samdi pou sezon 2022-23, se koutwazi Sipèmakèt Hannaford.

- **Premye klinik Aprann Patine sezon an, ke Highmark Blue Shield of Northeastern New York prezante epi k ap reyalize pa Klèb Patinaj Atistik Hudson Mohawk la:** Samdi 3 desanm. Klinik 45 minit yo pral kòmanse a 9 a.m., 10 a.m., ak 11 a.m. Gen klinik siplemantè ke yo pral ofri nan 7 janvyè, 4 fevriye, ak 4 mas 2023. Pre-enskripsyon sou entènèt la obligatwa nan [empirestateplaza.ny.gov](http://empirestateplaza.ny.gov). Sonje abiye jèn patinè yo avèk rad cho, chapo gan ak chosèt.
- **Great Train Extravaganza:** Dimanch 4 desanm, 10 a.m. - 4:00 p.m., Sant Konvansyon Empire State Plaza. Youn nan pi gwo ekspozisyon modèl fewovye ak tren jwèt ki gen ladan plizyè douzèn vandè k ap ofri tren ki nouvo ak itilize pou vant, anplis pyès, rad, souvni, foto ak akseswa. Evènman an avèk tikè a pral gen ladan tou istwa ak objè istorik ak yon Wout Way Itineran pou vwayaj nan Sal Empire State Plaza. Tikè yo se 7 dola pou adilt epi gratis pou timoun ki gen 12 zan ak mwens
- **Festival Ekleraj Pyebwa Nwèl Eta New York la prezante pa Highmark Blue Shield of Northeastern New York** Dimanch 4 desanm, midi - 8 p.m. Selebri sezon an avèk aktivite anplennè ke fanmi an ap sètènman renmen, sa gen ladan yon rock-and-skate (rock ak paten) avèk mizik an dirèk, demonstrasyon patinaj pa Klèb Patinaj Atistik Hudson Mohawk (Hudson Mohawk Figure Skating Club), pèfòmans pa Tuba Christmas, chan ak The Rusty Pipes, demonstrasyon ekilti sou glas ak opòtinite foto avèk Santa nan Cornerstone nan Plaza a. Magazen Stewart la pral ofri echantiyon lèt poul ak kafe nan gou fèt jiskaske estòk la fini. Rafrechisman yo pral disponib tou pou achte nan Cornerstone nan Plaza. Seremoni ekleraj pyebwa ak fe atifis ofisyèl la, ke ekip Matinal News 10 ABC reyalize, ap kòmanse nan 5:15 p.m. OGS pral bay pakin gratis nan Empire State Plaza pou evènman sa a.
- **Ekleraj Pyebwa Fèt nan Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building Plaza,** Jedi 8 desanm, 5:30 p.m. - 7:30 p.m. Piblik la envite pou mennen fanmi yo ak zanmi yo nan evènman gratis sa a, ki ap òganize pa OGS an kolaborasyon ak pwomotè Greg Mays nan Harlem Presents. Aswè a ki gen anpil plezi ak divètisman an dirèk pou fanmi an ap gen ladann pèfòmans mizikal, yon vizit nan Santa, vwayaj nan tren, kado, ak koutwazi chokola cho gratis nan Starbucks jiskaske li epuize. Seremoni ofisyèl ekleraj pyebwa a ap kòmanse a 6:30 p.m. nan Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building ki sitiye nan 163 West 125th Street.

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare,** "Se yon onè pou mwen kontinye tradisyon anyèl transfòmasyon Plaza 'Paten' Empire a pou tounen yon destinasyon ivè eksitan avèk aktivite ki bay vizitè yon fason enteresan pou yo rete aktif pandan tan glase a. Ekip OGS kontan tou pou l kontinye tradisyon anyèl dpi lontan Eta New York pou limen yon pye bwa pou jou fèt la nan Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building Plaza nan Harlem. Mwen vle remèsye tout esponnsò jenere ki patwone selebrasyon ak evènman sa yo, ki reyini zanmi, fanmi, ak vwazen ansanm pou selebri sezon an."

**Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare,** "Sezon fèt Eta New York la se yon epòk majik nan ane a, epi fèstivite nan Albany ak Harlem se yon gwo opòtinite pou pase tan ak fanmi ak zanmi. Anpare evènman espesyal sa yo, plis paten nan pist glas Empire State Plaza pita nan sezon fredi a, ak yon vizit nan mize, yon espektak jou ferye, kuizin lokal ak yon sejou nan yon kabann kofòtab ak dejene pèmèt vwayajè yo jwi sezon an ak yon bèl èskapad ak souvni ki dire tout lavi. Nou ankouraje rezidan yo ak vizitè yo pou yo fè pati plezi ivènal la epi pou yo jwenn sa yo renmen nan Eta New York."

**Manadjè pou Zafè Kominotè Highmark Blue Shield of Northeastern New York, Chlopecki te deklare,** "Kòm yon patnè depi lontan Biwo Sèvis Jeneral la, Highmark Blue Shield of Northeastern New York fyè pou l kontinye tradisyon nou pou pote aktivite an sante nan kominote a pandan tout kat sezon yo. Plaza a se yon kote rasanbleman enklizif pou tout kominote nou an, epi pandan n ap make kòmansman 14èm ane nou an kòm esponsò prezantasyon klinik Learn to Skate la ak 3èm ane kòm esponsò prezantasyon Festival Ekleraj Pyebwa Nwèl la, nou kontan kòmanse yon lòt sezon ivè."

**Manadjè Kominikasyon Ekstèn Hannaford Supermarkets la, Caitlin Cortelyou, te deklare,** "Se yon privilèj pou nou fè patenarya ankò ane sa a ak Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la pou yon lòt sezon ivè enteresan nan Empire State Plaza. Pou dènye deseni ki sot pase a, Hannaford te souskri yon pwogram lokasyon paten gratis epi li kontan anpil pou wè popilarite li grandi. Nou ankouraje tout moun pou yo rete an sante ak aktif sezon ivè sa a, epi pa gen pi bon fason pou fè sa pase lase paten yo gratis samdi nan Empire State Plaza."

### **Esponsò yo**

Esponsò Ivè nan evènman Plaza a gen ladan Highmark Blue Shield of Northeastern NY, Hannaford Supermarkets, MVP Health Care, I Love NY, Hudson Mohawk Figure Skating Club, CDTA, Stewart's Shops, Times Union, PYX 106, 99.5 The River, 98.3 TRY, NY State of Health ak News 10 ABC.

Esponsò ekleraj pye bwa Harlem yo gen ladan Harlem Community Development Corporation, WBLS, Harlem Presents, The Greater Harlem Chamber of Commerce (Chanm Komès Greater Harlem), P.C. Richard & Son, NY State of Health, Touro College of Medicine, ak Starbucks

### **Enfòmasyon sou Patinwa Glas Empire State Plaza**

- **Orè Fonksyonman:** Midi pou 8 p.m. Madi rive dimanch, si tan an pèmèt sa. Fèmen 3:30 - 4:30 p.m. nan jou semèn yo epi 2 - 3 p.m. ak 5 - 6 p.m. nan jou wikenn ak jou ferye yo pou antretyen. Patinwa a ap ouvri nan twa lendi: 26 desanm, 16 janvye ak 20 fevriye, 2023.
- **Depans pou patine:** Gratis

- **Lokasyon Paten:** 4 dola pou adilt, 3 dola pou timoun ki gen 12 ane ak mwens. Yon idantite ki gen foto obligatwa pou kapab lwe paten. Chak samdi se Samdi Lokasyon Paten Gratis Hannaford.
- **Ekipman:** Kazye, lokasyon paten, ak rafrechisman disponib nan paviyon an vit ki toupre patinwa a. Kas pou timoun ak moun k ap mache sou glas/antrenè yo pou patinè debitan yo disponib tou gratis

Pou mizajou sou sitiyasyon patinwa Plaza 'Paten' Empire a ak enfòmasyon anplis sou lve nan evènman ak aktivite Plaza a yo, ki gen ladan pakin, direksyon, ak règleman debaz yo, vizite [empirestateplaza.ny.gov](http://empirestateplaza.ny.gov), @EmpireStatePlaza sou Facebook, ak @PlazaEvents sou Twitter, oswa rele (518) 474-4759.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418